



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI GEN 55 INITE NAN KONTE NASSAU

Devlopman ki ekonomik nan enèji a pote kay abòdab sou litoral nò Long Island lan, ki konplete revitalizasyon bò lanmè Glen Cove la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann The Green nan Garvies Point, yon devlopman lojman mendèv ki fèk konstwi ki ofri 55 apatman abòdab nan Glen Cove sou Litoral Nò Long Island. Devlopman an fè pati efò revitalizasyon vil Glen Cove k ap transfòme bò lanmè li a pou tounen yon zòn dinamik, nouvo ak pou itilizasyon melanje.

"Atravè devlopman sa a, n ap kreye lojman ki pi abòdab, ki an sekirite pou Nouyòkè yo nan Long Island", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Achèvmann The Green nan Garvies Point non sèlman asire ke plizyè douzèn Nouyòkè pral gen yon kote ki modèn, ki ekonomik nan enèji pou yo rele lakay yo, men li sipòte transfòmasyon bò lanmè Glen Cove ki pa ase itilize a, ki pote lojman mendèv ki nesèsè anpil nan Konte Nassau".

Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève 1,200 lojman nan pri abòdab nan Long Island. The Green nan Garvies Point kontinye efò sa epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Se Georgica Green Ventures, LLC ki te devlope The Green nan Garvies Point epi li gen ladan de bilding kat etaj ki fèk konstwi ki genyen yon total kat apatman yon sèl pyès, 16 apatman yon chanmakouche, 29 inite de chanmakouche ak sis inite twa chanmakouche. Tout apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche jiska 100 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Konplèks la te fèt ak konstwi pou l ekonomik nan enèji epi li satisfè kritè pou Enterprise Green Communities ak sètifikasyon LEED Silver US Green Building Council. Ekipman rezidansyèl yo gen ladan yon sal espò, yon sal jwèt pou timoun, espas komen, depo bisiklèt, enstalasyon lesiv ak pakin sou plas.

The Green nan Garvies Point ki fini an ap kontribiye nan efò vil Glen Cove ap fè pou revitalize bò lanmè ki pa itilize li a atravè kreyasyon nouvo lojman, espas pou vann an detay, ak espas lwazi, pandan y ap rete koyeran avèk karaktè istorik katye bò lanmè a. Zòn ki antoure The Green gen ladann yon anfiteyat, restoran, ak espas lwazi ki te konstwi kòm yon pati nan efò revitalizasyon elaji a.

Finansman Eta a pou devlopman 32 milyon dola a gen ladan 13.4 milyon dola nan Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba yo ak 7.7 milyon dola nan sibvansyon HCR. Konte Nassau te bay 900,000 dola nan fon HOME la. Barings te bay finansman adisyonèl.

Komisè Biwo Renovèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "The Green nan Garvies Point ki fini an se yon bagay enteresan non sèlman pou 55 moun ak fanmi ki pral rele nouvo devlopman sa a lakay yo, men pou tout moun ki pral benefisye transfòmasyon kontinyèl bò lanmè Glen Cove la. Lè nou kreye nouvo kay abòdab bò Litoral Nò Long Island, n ap ogmante rezèv lojman epi n ap pwomouvwa kalite kominote enklizif, ki an sante ki soutni ekonomi lokal k ap pwospere pou ane k ap vini yo. Mèsi a patnè nou yo nan Georgica Green Ventures, Barings, ak Konte Nassau pou ane angajman yo nan devlopman kominote sa k ap chanje".

Prezidan Georgica Green, David Gallo, te deklare, "Nou kontan founi bèl lojman abòdab sa a pou kominote Glen Cove la ak pou nou fè pati renesans enkwayab Garvies Point. Nou fyè pou nou fè patenarya ak Biwo Renovèlman Kay ak Kominote Eta New York, Vil Glen Cove ak RXR sou The Green nan Garvies Point".

Manm Asanble Charles Lavine te deklare, "Mwen aplodi efò Gouvènè Hochul ak ekip li a paske yo idantifye ak kreye opsyon lojman abòdab pou fanmi k ap grandi nan Eta New York ak Vil Glen Cove. Nou tout konnen ki jan lojman ra epi mwen fyè pou m travay ansanm ak yon administrasyon ki konprann ak priyore opòtinite rezidansyèl ki nesèsè pou elektè m yo".

Lejislatè Konte Nassau, Delia DeRiggi-Whitton, te deklare, "Antanke manman twa jèn fi adilt, kesyon mwen kontinye tande a se: 'Ki sa n ap fè pou kreye plis opsyon lojman pou jèn yo?' Mwen fyè pou m di ke pwojè sa a nan Glen Cove se yon egzanp pafè sou fason nou ka abòde pwoblèm rejyonal enpòtan sa a. Mwen espere ke li kapab sèvi kòm yon modèl pou efò alavni pou divèsifye ak elaji opsyon lojman lokal yo".

Majistra Vil Glen Cove, Pamela Panzenbeck, te deklare, "Mwen kontan anonse jodi a se inogirasyon konplèks lojman Georgica Green Ventures ki gen 55 inite pou mendèv. Lokatè yo pral gen komodite ki enkli sal lesiv, sal jwèt pou timoun, sal espò, sal kominotè ak yon pakin sou plas. Yo pral kapab tou jwi zòn piblik ki gen aksè bò lanmè a jis kèk pa depi pòt devan kay yo".

Manm Konsèy Minisipal Prensipal Vil Glen Cove, Marsha Silverman, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul ak Komisè Visnauskas, paske nou bay finansman eta pou devlopman 32 milyon dola isit la nan vil nou an. Efò sa yo pral ede abòde kriz

migrasyon nou fè fas ak granmoun aje ak jèn adilt nou yo isit la nan Long Island. Pwojè sa a se yon ilistrasyon gouvènman eta ak lokal ki fè patenarya ak sektè prive a pou fasilite lojman abòdab ki nesèsè anpil".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418